

<https://attorneygeneral.delaware.gov/criminal/stepsintrial/>

## **Etap nan yon Jijman**

### **Ankèt**

Aprè yo fin rapòte yon ka bay lapolis, ofisye patwouy oswa detektif yo nan depatman lapolis la pral mennen ankèt sou si wi ou non yo te komèt yon krim, answit kolekte prèv epi idantifye sispèk yo.

Antanke yon viktim ou ka nan obligasyon pou:

- Fè yon deklarasyon bay lapolis,
- Asiste nan yon seyans idantifikasyon pou idantifye sispèk yo oswa gade foto sispèk yo,
- Reponn lòt demann yo pandan ankèt la, sa ki ka gen ladan l bay atik pèsònèl w kòm prèv.

Sa kapab rive ke ka a pa fonde. Sa vle di ke pa gen ase prèv pou pwouve nan tribinal la ke te gen yon krim ki te komèt, kidonk, dosye a p ap kontinye.

Si dosye a pral kontinye, w dwe mande ajans polis ki ap mennen ankèt la pou l kenbe w enfòmè sou tout etap pwosesis la. Pwosedi penal la kòmanse lè gen yon arestasyon ki fèt.

---

### **Premye Aparisyon**

Premye Aparisyon/Odyans Liberasyon sou Kosyon akize a fèt swa nan yon Tribinal Minisipal oswa nan yon Tribinal Jij de Pè. Objektif la se depoze akizasyon yo epi detèmine liberasyon sou kosyon pou akize a.

Odyans sa a pral fèt nan lespas 24 èdtan apre arestasyon an, si se pa yon wikenn. Konstitisyon an bay Akize a dwa pou l jwenn yon liberasyon sou kosyon ki rezonab pou pifò ofans yo. Yo ap kenbe Akize a nan gadavi jiskaske yo bay yon liberasyon sou kosyon. Depi akize a gen kapasite pou l peye libète sou kosyon an, yo ka lage li. Objektif libète sou kosyon an se pou asire ke akize a ap parèt nan odyans tribinal la prevwa yo.

*Remak: Odyans lan **louvri** pou piblik la.*

Pandan odyans lan, yon ka fè akize a kèk egzijans sou kondisyon liberasyon an tankou yon tretman obligatwa, kouvrefe, oswa pou li pa gen kontak ak viktim nan. Si akize a vyole kondisyon miz-an-libète sou kosyon an, yo ka akize l pou yon nouvo krim tankou vyolasyon miz-an-libète a oswa non respè kondisyon miz-an-libète sou kosyon yo.

*Remak: Odyans lan **louvri** pou piblik la.*

---

### **Entwodiksyon Pwokirè Jeneral la:**

Ankèt Pwokirè Jeneral la se yon pwosesis seleksyon pou wè si gen ase prèv pou depoze akizasyon yo devan Tribinal Siperyè. Reyinyon sa a gen ladan lapolis, pwokirè ak/oswa yon jiris. (Y ap pran prèv ak enfòmasyon dosye yo an konsiderasyon.)

*Odyans lan **pa louvri** pou piblik la.*

Bilan reyinyon an ta ka:

- Yon ankèt anplis nesèsè.
- Akizasyon yo rete menm jan an.
- Yo ajoute, redwi oswa abandone akizasyon yo.
- Yo voye dosye a nan yon tribinal premye enstans.

---

### **Odyans Preliminè:**

Objektif yon odyans preliminè se detèmine si gen ase prèv pou kontinye pouswit la. Li fèt swa nan Tribinal Minisipal la oswa Tribinal pou Pledwari Komen yo. Si akize a vle bay odyans lan vag, (renonse a dwa pou odyans sa a), li p ap fèt epi akizasyon yo ale devan Tribinal Siperyè. Si akize a vle gen yon odyans, anjeneral sèl temwen ki temwaye se ofisye polis ki mennen ankèt la. Sepandan, si yo konvoke w pou w temwaye, ou dwe parèt epi ou ta dwe imedyatman rele Pwogram Viktim/Temwen Pwokirè Jeneral la ak ofisye ki ap mennen ankèt la.

*Remak: Odyans lan **louvri** pou piblik la.*

Tribinal la ka deside:

- Transfere akizasyon yo devan Tribinal Siperyè.
- Diminye oswa anile youn oswa plizyè akizasyon.